

Konsèy Jistis Anviwònmantal (EJC)

Reyinyon #20

Jedi, 12 Jwen, 2025

Lokal: Berkshire Innovation Center, 45 Woodlawn Ave, Pittsfield MA, 01201
6:30 p.m. to 8:00 p.m.

Minit Reyinyon an

Lokal Reyinyon an: An-Pèsòn

Dokiman Reyinyon an: [Ajanda](#), [Paj yo](#)

Manm konsèy yo:

- María Belén Power, Sousekretè EEA ki soti nan EJ & Ekite (An-pèsòn)
- Kalila Barnett - vityèl
- Madeline Fraser Cook- vityèl
- Melissa Ferretti- vityèl
- Cheryll Holley- vityèl
- Caroline Hon- vityèl
- Lydia Lowe- vityèl
- Marcos Luna- Not present
- Peter Maathey- vityèl
- Sofia Owen- vityèl
- Jen Salinetti- in-person
- Patricia Spence- vityèl
- Ari Zorn- Not present
- Miles Gresham- vityèl

1. Welcome and Overview of Meeting Logistics

María Belén akeyi tout patisipan yo.

Sophia Spungin te bay yon apèsi sou lojisyèl reyinyon an, sa ki enkli itilizasyon bwat kesyon ak repons (Q&A) la ak disponiblite entèprèt yo.

2. Apèsi sou Ajanda/Pwogramasyon an

María Belén Power te revize ajanda a.

3. Roll Fè Apèl Prezans/Apwobasyon Minit Ansyen Reyinyon yo

María Belén te fè apèl prezans pou manm EJC yo. Nan kòmansman reyinyon an, te gen manm konsèy sa yo ki te prezan: **Kalila Barnett, Melissa Ferretti, Cheryll Holley, Caroline Hon, Lydia**

Lowe, Peter Maathey, Sofia Owen, Jen Salinetti, Patricia Spence, Miles Gresham, ak Madeline Fraser Cook.

Moun sa yo ki site la pami manm konsèy yo pa t prezan: **Marcos Luna and Ari Zorn.**

María Belén te louvri sesyon an pou yon mosyon pou apwouve minit ansyen reyinyon an. **Lydia Lowe** te fè yon mosyon pou apwouve. **Patricia Spence** te sipòte mosyon an. Tout manm konsèy ki te prezan yo te aksepte minit la.

4. Premye Kesyon Piblik ak Sesyon Repons

Yon patizipan piblik ki te vityèl te fè yon kòmantè:

- Yon patisipan te mande kijan analiz enpak kimilatif yo pral evalye enpak faktè estrès anviwònman ak sosyoekonomik yo sou popilasyon jistis anviwònman an ak pi lwen.

Komantè nan bwat Q&A mansyone pa anba a

#	Kesyon	Non Moun ki Poze Kesyon an	Repons
1	Kijan analiz enpak kimilatif la pral evalye efè faktè estrès anviwònman/sosyoekonomik yo sou popilasyon Jistis Anviwònmantal yo ak sèvis natirèl/kapital ak ekosistèm yo?	David Dow	

5. Prezantasyon sou Analiz Enpak Kimilatif la ak Plan Benefis Kominotè a

Oratè envite a, **Sou-sekretè Enèji Michael Judge** ki soti nan Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònman yo, te bay yon ti apèsi sou Lwa sou Klima 2024 la. Lwa sou Klima 2024 la te etabli plan aksyon pou enèji pwòp ak klima pou 2025, 2030, ak 2050. Massachusetts te pran mezi pou atenn objektif rediksyon emisyon yo, tankou ogmante kapasite enèji van ak solè. Anplis de sa, yo te idantifye epi adrese baryè nan plan aplikasyon pwojè yo pou fè avanse objektif ki nan Lwa sou Klima 2024 la. Michael Judge te revize etap ki te pran pou jwenn pèmi leta konsolide, plan angajman kominote a, ak lòt refòm.

Manm Konsèy yo te mande enfòmasyon sou pwosesis ki dèyè plan benefis kominotè yo, delè pou piblikasyon règleman yo, ak pwochen etap EJC a bezwen diskite sou yo.

Oratris envite a, **Komisè Staci Rubin** ak **Direktè Jistis Anviwònman ak Patisipasyon Piblik Veena Dharmaraj** ki soti nan **Depatman Sèvis Piblik yo**, te bay yon apèsi sou Komisyon Sitasyon Enstalasyon Enèji (EFSB). **Staci Rubin** te revize egzijans analiz enpak kimilatif ki tabli nan Lwa sou

Klima 2024 la ak kategori endikatè potansyèl Analiz Enpak Kimilatif yo. **Veena Dharmaraj** te revize egzijans pre-depoze/soumèt EFSB yo ak pwogram sipò sibvansyon entèvenan yo.

Oratris envite a, **Sousekretè Jistis Anviwònman ak Ekite, María Belén Power**, te bay yon apèsi sou Nòm ak Gid pou yon Analiz Enpak Kimilatif (CIA). **María Belén Power** te pale sou sa yon CIA ye, kijan pou devlope yon CIA, idantifye baz debaz kominotè pou konparezon, konprann endikatè ak faktè estrès potansyèl yo, ak pwosesis CIA a.

Oratris envite a, **Syenna Mashmasarmi, Lyèzon Jistis Anviwònman an**, te bay yon apèsi sou Nòm ak Gid sou Plan Benefis Kominotè yo (PBC). **Syenna Mashmasarmi** te pale sou sa yon PBC ye, kijan PBC yo transfòme an bagay ki ka chanje an aksyon, li te bay egzanp angajman efikas ak siyifikatif, epi li te pale sou kijan PBC yo angaje yo nan sipèvizyon ak responsablite.

Manm Konsèy yo te mande enfòmasyon sou enpak pèmi yo sou tè Tribi yo ak reprezantasyon Endijèn yo, egzijans pou angaje yo ak òganizasyon ki baze nan kominote a, ak efikasite CBP yo ak CIA yo.

6. Dezyèm Kesyon Piblik ak Sesyon Repons

Patisipan piblik ki te vityèl, ak sa ki te an pesòn yo tef è kòmantè epi pataje enkyetid ak sijesyon yo.

- Yon patisipan nan piblik la te sijere pou fè moun konnen disponiblite finansman sibvansyon federal yo. Anplis de sa, patisipan an te rekonèt enpak kontinyèl sou kominote Konte/Katye Berkshire akòz renovasyon iben ak prezans enstalasyon elektrik yo.
- Yon patisipan nan piblik la te okouran/rekonèt diferans ki genyen nan esperans lavi (esperans de vie) ki genyen nan kominote Katye/Konte Berkshire a epi li te sijere pou mete done yo ansanm pa seksyon resansman.

Kòmantè nan bwat Q&A mansyone pa anba a

#	Kesyon	Non Moun ki Poze Kesyon an	Repons
1	Mwen ta rekòmande ekonomi ekolojik ak deklarasyon enpak anviwònman ki baze sou ekosistèm.	David Dow	

2	Yon bon etid sou yon dosye se Evalyasyon Risk Ekolojik Basen Vèsan Waquoit Bay, Katie Jeneral EPA Etazini an, ki te konsidere chanjman klimatik; rediksyon lapèch; polisyon eleman nitritif (Azòt ak Fosfò); kontaminasyon chimik toksik (mikroplastik ak pwodui chimik pèfluorine; toksin syanobakteri; metil mèki; elatriye) plis lojman abòdab; jistis anviwònman.	David Dow	
3	Bio4Climate te ofri yon kou sou entènèt/Anliy sou Ekonomi Ekolojik epi Les Kaufman (Inivèsite Boston) aplike li nan defi anviwònman reyèl nan mond lan.	David Dow	
4	Mwen jis kirye pou m konnen si paj prezantasyon reyinyon sa a ap disponib pou tout patisipan yo?	Angela Roell	Wi! Paj Prezantasyon yo disponib la: https://www.mass.gov/doc/june-12-2025-ejc-meeting-20-slides-english/download

1. Pwochen Etap epi nou Relache/Fini

María Belén raple manm konsey yo konsènan pwochen reyinyon an Out nan (Nò) **North Adams, MA**.

María Belén te mande yon mosyon pou fini reyinyon an. **Jen Salinetti** te bay yon mosyon pou fini reyinyon an. **Melissa Ferretti** te sipòte mosyon an. **Sophia Spungin** te fè apèl nominal la epi tout manm konsèy ki te prezan yo te dakò. Reyinyon an te fini a **8:08 pm**.